

# Nouvo prim ak inisyativ pou investi nan anplwaye nou yo

22 septanm 2023

Chè kòlèg,

Nan kòmansman ane sa a, nou **te anonse** twa (3) nouvo inisyativ ki konsantre sou anplwaye pou sipòte travay angajman plan estratejik *Avanse San Krent (Fearlessly Forward)* nou an pou **investi nan moun ak kominote**. Objektif nou se kreye yon espas travay kote anplwaye yo pwogrese atravè nouvo opòtinite pou aprann, dirije epi pran pwomosyon, epi yo onore yo pou talan ak kontribisyon yo.

Pandan sèt (7) mwa ki sot pase yo, nou te fè pwogrè nan devlope pwogram ki santre sou rann omaj, pwomosyon nan karyè ak devlopman pwofesyonèl. Konsantrasyon nou nan domèn sa yo se rezilta **fidbak nou te jwenn dirèkteman nan men anplwaye nou yo** atravè yon sondaj, estann pou brase lide ak konvèsasyon sou kanpis lan ki te fèt ane pase. Pandan n ap kontinye defann inisyativ sa yo, li enpòtan pou nou onore efò eksepsyonèl kòlèg nou yo.

## Rekonèt anplwaye ki gen talan ak inovatè nou yo

Jodi a, nou kontan anonse lansman de (2) prim inogirasyon ki rekonèt tout kontribisyon enpòtan anplwaye ki egzan ak anplwaye ki pa egzan nou yo. **Prim Inovasyon Terrapin ak Prim Enpak MVP** a rekonèt lide remakab ak/oswa yon angajman anplwaye yo pran pou eksele. Nou pral onore moun k ap resevwa prim sa yo nan yon resepsyon nan sezon prentan epi yo pral resevwa yon prim \$1,000 lajan kach.

- **Prim Inovasyon Terrapin** lan onore manm estaf yo pou nouvo lide ki kaptire lespri Avanse San Krent lan avèk panse inovatè ak kreyatif ki nan avantaj inite, depatman oswa inivèsite yo a.
- **Prim Enpak MVP** a onore manm estaf yo ki, pandan ane ki sot pase a, te demontre yon atitud ekselans, sèvis remakab ak kontribisyon eksepsyonèl Avanse San Krent ki te nan avantaj inite, depatman oswa inivèsite yo a.

An nou investi youn nan lòt! Nou ankouraje tout moun pou yo pran yon ti moman epi pwopoze tèt ou oswa yon kòlèg. **Plis enfòmasyon sou prim yo, yon prezantasyon dyapozitiv pou sipèvizè yo, ak flayè ki ka enprime ak fòm nominasyon nan plizyè lang ki disponib sou sitwèb la.** Nominasyon pou toude prim yo dwe soumèt anvan 30 oktòb 2023.

## Kreye nouvo pakou ak opòtinite devlopman

Travay nou te reyalize ane pase a te montre anplwaye nou yo enterese tou pou jwenn plis opòtinite pou avanse nan karyè yo epi pou anplwaye ak sipèvizè yo aprann ak grandi sou pplan pwofesyonèl. Ekip nou yo te travay di pou devlope nouvo pwogram inovatè pou reponn ak bezwen sa yo.

- Resouzimèn Inivèsite ak konsiltan nan Sant UMD pou Lidèchip ak Chanjman Òganizasyonèl ap fè patenarya pou fè konsepsyon ak devlope pwogram **fòmasyon Ekselans nan Sipèvizyon**. Pwogram sa a santrè sou kapasite sipèvizè yo genyen pou konekte anplwaye yo ak ekip yo nan misyon inivèsite a, pran swen anplwaye yo, epi fòme anplwaye yo pou yo aprann, grandi ak reyisi. Atravè pwogram sa a, nou chèche transfòme kilti espas travay la pandan n ap adopte yon oryantasyon sipèvizyon ki konsantre sou moun epi ki baze sou atant klè ak responsablite mityèl. Nou pral teste pwogram nan bò kote kèk inite nan kanpis la nan sezon prentan 2024 la.
- Anplis, Resouzimèn Inivèsite a te fòme yon **Gwoup Travay sou Pakou Karyè**. Gwoup sa a pral devlope rekòmandasyon pou inisyativ devlopman pwofesyonèl anplwaye yo ak planifikasyon karyè. Nou idantifye venntwa (23) manm gwoup travay la, ki gen ladan anplwaye ki egzante ak anplwaye ki pa egzante, epi nou pral evalye pratik ki la deja yo nan sezon otòn sa a. Nou espere pataje dènye nouvèl sou gwoup sa a pi devan.
- Anfen, yon konsiltan ap kolabore ak Resouzimèn Inivèsite a pou **revize konpansasyon, idantifye ak abòde nenpòt pwoblèm ki gen rapò ak ekite, epi bay rekòmandasyon**, k ap plis ranfòse angajman nou nan pratik konpansasyon ki jis ak konpetitif.

Nou jwenn enèji nan efò kolektif atravè kanpis la, ki ede nou pwogrese nan travay nou pou investi nan moun, byennèt ak kwasans yo, kidonk kreye kondisyon ki sipòte kapasite yo pou yo konplètman patisipe ak devlope nan kominote UMD nou an.

Sensèman,



**Jennifer King Rice**

*Vis Prezidan Prensipal ak Dwayèn*

Li (Fanm)



**Carlo Colella**

*Vis Prezidan ak Direktè Administratif*

Li (Gason)



**Georgina Dodge**

*Vis Prezidan Divèsite ak Enklizyon*

Li (Fanm)



**Patty Perillo**

*Vis Prezidan pou Zafè Elèv yo*

Li (Fanm)

*Vis Prezidan Lyezon, Nou Envesti nan Komite Moun ak Kominote*